**दिन–शुक्रवार** **दिनांक–23.08.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

केन्द्रीय कृषि मंत्री शिवराज सिंह चौहान कहलनि अछि जे बिहारक किसान लोकनि के चारिम कृषि रोड मैप लागू करबाक आ नीक प्रजाति के बीज के लऽकऽ सभ संभव सहायता देल जायत। आइ पटना के मीठापुर स्थित कृषि भवन मे किसान संवाद कार्यक्रम के सम्बोधित करैत श्री चौहान कहलनि जे केन्द्र सरकारक दिस सँ दलहन, तेलहन आ आन फसलि के उत्तम बीज उपलब्ध कराओल गेल अछि। श्री चौहान कहलनि जे हुनक मंत्रालय प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी द्वारा किसान लोकनिक कल्याणक लेल कयल गेल वादा के पूरा करबाक हेतु प्रतिबद्ध अछि। ओ कहलनि जे कृषि मंत्रालय किसान लोकनिक आय दूगुना करबाक आ फसलि के उत्पादकता बढ़ेबाक लेल कृतसंकल्प अछि। केन्द्रीय मंत्री बिहार मे मखान उत्पादक किसान लोकनि के निर्यातक सुविधा के लेल मददि देबाक भरोसा सेहो देलनि। ओ कहलनि जे बिहार मे मखान निर्यात केन्द्र खोलबाक लेल ओ वाणिज्य मंत्रालय सँ वार्ता करताह।

---

केन्द्र सरकार एंटीबायोटिक्स, दर्द निवारक आ मल्टी विटामिन सहित एक सय छप्पन दवाई सभ पर प्रतिबंध लगा देलक अछि। स्वास्थ्य मंत्रालय एहि सम्बन्ध मे अधिसूचना जारी कयलक अछि। अधिसूचना मे कहल गेल अछि जे सरकार आ ड्रग्स टेक्निकल एडवाइजरी बोर्ड–डीटीएबी के एक विशेषज्ञ समिति के जाँचक बाद ई निर्णय लेल गेल अछि। मंत्रालय जनौलक जे डीटीएबी एहि दवाई सभक खोराक संयोजनक दावा के उपयुक्त नहि पओलक जाहि कारण ई प्रतिबंध लगाओल गेल। मंत्रालय कहलक जे एहि दवाई सभ के उपयोग सँ लोग सभक स्वास्थ्य पर प्रतिकूल असरि हेबाक संभावना अछि। जखनकि एकर सुरक्षित विकल्प उपलब्ध अछि।

---

वरिष्ठ भारतीय प्रशासनिक सेवा के अधिकारी गोविन्द मोहन आइ नव केन्द्रीय गृह सचिवक पदभार ग्रहण कऽ लेलनि अछि। ओ अजय कुमार भल्ला के स्थान लेलनि अछि जिनकर काल्हि कार्यकाल समाप्त भऽ गेल छल। श्री मोहन वर्ष उन्नैस सय नवासी बैचक प्रशासनिक अधिकारी छथि। ओ एहि सँ पहिने संस्कृति मंत्रालय मे सचिवक पद पर कार्यरत छलाह।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी रवि दिन पच्चीस अगस्त के भोरे एगारह बजे आकाशवाणी पर मन की बात कार्यक्रम मे देश विदेशक लोक सभक संग अपन विचार साझा करताह। ई मासिक रेडियो कार्यक्रमक एक सय तेरहम कड़ी होयत। ई कार्यक्रम आकाशवाणी आ दूरदर्शनक सम्पूर्ण नेटवर्क पर प्रसारित कयल जायत। एकर संगहि ई आकाशवाणी वेबसाइट आ न्यूज ऑन एआईआर मोबाइल ऐप पर सेहो उपलब्ध होयत। मन की बात कार्यक्रमक तुरंत बाद मैथिली भाषा मे एकर प्रसारण आकाशवाणी के दरभंगा केन्द्र सँ कयल जायत। एहि प्रसारण के दोबारा राति आठ बजे सँ सेहो सुनल जा सकैत अछि।

---

प्रदेश के मॉनसून एक बेर पुनः सक्रिय भऽ गेल अछि। पछिला चौबीस घंटाक अंतर्गत भागलपुर, गया, मुंगेर आ पटना सहित कतेको जिला मे भारी वर्षा दर्ज कयल गेल। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार गया के नीमचक बथानी मे सभ सँ बेसी एक सय पाँच दशमलव चारि मिलीमीटर वर्षा रिकॉर्ड कयल गेल। विभाग अगिला चौबीस घंटाक अंतर्गत सीतामढ़ी, पूर्वी चंपारण, जमूई, कैमूर आ रोहतास जिलाक किछु स्थान पर भारी वर्षा के ऑरेंज अलर्ट जारी कयलक अछि।

---

राज्य सँ होयत जायवला नदी सभक जल ग्रहण क्षेत्र मे भारी वर्षा हेबाक कारण नदी सभक जलस्तर मे लगातार वृद्धि भऽ रहल अछि। गंगा नदी के जलस्तर भागलपुर के कहलगांव मे खतराक निशान सँ अड़सठि सेंटीमीटर ऊपर अछि। गंडक नदीक जलस्तर गोपालगंज के डुमरिया घाट मे लाल निशान सँ चौसठि सेंटीमीटर ऊपर रिकॉर्ड कयल गेल।

ओना एखन नदी के जलस्तर स्थिर बनल अछि। बूढ़ी गंडक नदी खगड़िया मे खतराक निशान सँ सतहत्तरि सेंटीमीटर ऊपर अछि। बागमती नदीक जलस्तर मुजफ्फरपुर के बेनीबाद मे लाल निशान सँ एक सय अठारह सेंटीमीटर ऊपर बनल अछि। ओतहि सीतामढ़ी के रून्नीसैदपुर मे नदी के जलस्तर खतराक निशान सँ बाईस सेंटीमीटर ऊपर बनल अछि। कोसी नदी के जलस्तर खगड़िया के बलतारा मे आ कटिहार के कुर्सेला मे लाल निशान सँ ऊपर दर्ज कयल गेल।

---

शिक्षा मंत्रालय सभ राज्य आ केन्द्रशासित प्रदेश सभ के स्कूल सुरक्षा आ सुरक्षा दिशा निर्देश—दू हजार एकैस लागू करबाक निर्देश देलक अछि। ई दिशा निर्देश मंत्रालयक स्कूल शिक्षा आ साक्षरता विभागक दिस सँ बाल यौन अपराध संरक्षण अधिनियमक अनुरूप विकसित कयल गेल छल। एहि मे सरकारी, सरकारी सहायता प्राप्त आ निजी स्कूल मे पढ़ऽवला बच्चा सभक सुरक्षा के लऽकऽ स्कूल प्रबंधनक दायित्व निर्धारित करबाक प्रावधान अछि।

---

अररिया जिलाक जोगबनी मे एसएसबीक जवान चाणक्य चौक सीमा के लऽग सँ एक नेपाली नागरिक के चारि लाख दस हजार नेपाली करेंसी के संग गिरफ्तार कयलक अछि।

---

मधुबनी जिलाक जयनगर थाना क्षेत्रक पुलिस बेला बांध चौक के लऽग सँ भारी मात्रा मे विदेशी शराबक संग एक कारोबारी के गिरफ्तार कयलक अछि।

---

गोपालगंज पुलिस हत्याकांडक मामिला मे दू अपराधी के पिस्तौल आ कारतूस के संग गिरफ्तार कयलक अछि।

---

समाप्त